МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

Министерство образования и науки Республики Северная Осетия – Алания

Управление образования Администрации местного самоуправления г. Владикавказ

МБОУ СОШ №43

РАССМОТРЕНО

методическим объединением учителей

родного(осетинского)языка и литературы

Руководитель методического объединения

_____ (Плиева З.И.)

Протокол № _1_

От «_31_» 08. 2024 г.

УТВЕРЖДАЮ

Директор

_____ (Кесаева А.Т.)

Приказ № 55

от «31» 08. 2024г.

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

Учебного предмета

« Родной(осетинский) язык»

для 3 класса основного общего образования

на 2024-2025 учебный год

Составитель: Тибилова М.А.

учитель родного (осетинского) языка и литературы

г.Владикавказ 2024

3-аг кълас (51 сах.)

Урочы темæ Ныхасы темæ	Урочы мидис	Фæлхатгæнинаг æрмæг	Скъоладзауты архайды хуызтæ
1-аг. **Хæрзбон зæгъæм сæрдæн, æгас цæуæд ног ахуыры аз.**	Дыккаг къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Текст. Хъуыдыйад. Дзырд» (1 сах.)	Дзырд нæмттæ дæтты предметтæн, сæ æууæлтæ æмæ сæ архæйдтытæн, алыхуызон фæзындтæн. Хъуыдыйад – коммуникацийы сæйраг иуæг. Текст – сæ хъуыдымæ æмæ грамматикон æгъдæуттæм гæсгæ баст хъуыдыйæдтæ.	Иртасын дзырд, хъуыдыйад æмæ текст. Тексты сæргонд. Бæрæг кæнын тексты хæйттæ – райдайæн, сæйраг хай, кæрон. Тексты æууæлтæ иртасын. Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын. Тексты темæ æргом кæнын, æрфыссын предмет, фæзынд. Схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын. Хи цардæй ист цауты тыххæй аив радзурын. Æмбæлтты раныхæстæм læмбынæг хъусын, фæрстытæ сæм дæттын. Хи хъуыдытæ дзурын. *Къæйттæй куыст* – цæсгæмттæм гæсгæ каст.
2-аг. **Хæрзбон зæгъæм сæрдæн. Æгас цæуæд ног ахуыры аз.**	Мыртæ æмæ дамгъæтæ (1 сах.)	Мыртæ æмæ дамгъæты хицæндзинæдтæ. Ныхасы хæйттæ. Антонимтæ. Синонимтæ.	Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ æмæ сæ дамгъæтæ кæрæдзийæ иртасын. Мыртæ раст дзурын. Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ раст хæссыныл кусын. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты хицæндзинæдтæ. Текст хи ныхæстæй дзурын. Кæрæдзимæ хъусын æмæ раныхæстæ баххæст кæнын. Архайын хъуыдыйæдтæ раст аразыныл, аив ныхас кæнынył. Тексты мидис нывимæ барын. *Къæйттæй куыст* – диалогон ныхас.
3-4-æм. **Сыгъзæрин фæззæг Аланийы.**	Мыртæ æмæ дамгъæтæ. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ (2 сах.)	Мыртæ, сæ равзæрд. Цавд. Синонимтæ. Антонимтæ.	Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты хицæндзинæдтæ. Мыртæ раст дзурыныл фæлтæрын, сæ равзæрдмæ сын хъус дарын. Хъус дарын иннæты дзуæппытæм æмæ хъæугæ хатдзæгтæ кæнын. Текстæй æвзаргæ фыст кæнын. Ныв абарын тексты мидисимæ – ссарын, кæцы бынат дзы æвдыст цæуы, уый.

5-æм. **Сыгъзæрин фæззæг Аланийы.**	Æмкъай зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ (1 сах.)	Зылангон æмхъæлæсонтæ. Æзылангон æмхъæлæсонтæ. Номдар. Миногон. Мивдисæг. Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ.	Иртасын æмкъай зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ, дæнцæгтыл сæ æмбарын кæнын. Дызæрдыггаг æмхъæлæсонты растфыссынад бамбарын. Текст хæйттыл дих кæнын. Алы хайæн дæр сæргонд хъуыды кæнын, агурын дзы синонимтæ æмæ антонимтæ.
6-æм. **Фæллой кæм уа, фарн дæр уым ис.**	Æмхъæлæсонтæ *ч, к (кк), къ*-йы ивынад *дж, ч (чч). чъ*-йæ хъæлæсон *ы*-йы разæй (1 сах.)	Æмхъæлæсонтæ. Иууон æмæ бирæон нымæцты хицæндзинæдтæ.	Æмхъæлæсонты кæрæдзийы ивынад бамбарын, фæлтæрæнты йæ æвдисын. Ирон æмæ дыгурон диалектты æмхъæлæсонты хицæндзинæдтæ бамбарын – дж, ч, чъ-йы бæсты загъд цæуы дз, к, къ. Æндæр предметтимæ бастдзинад – æмдзæвгæйы мидис æмбарын æмæ авторы фарстæн дзуапп дæттын. Дзырдтæн синонимтæ æмæ антонимтæ агурын.
7-æм. **Фæллой кæм уа, фарн дæр уым ис.**	Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ дзырдты мидæг (1 сах.)	Тексты дих хæйттыл. Æмхъæлæсонтæ. Уæнг. Синонимтæ. Антонимтæ. Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны æгъдæуттæ.	Дæргъвæтинæй цы æмхъæлæсонтæ хъуысы, уыдон фысты мидæг раст нысан кæнын. Рæдыдтытæ агурын æмæ сæ раст кæнын. Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ цы дзырдты ис, уыдон иу рæнхъæй иннæмæ раст хæссын. Тексты мидис нывимæ барын. *Къордты куыст* – текстæн æндæр сæргонд хъуыды кæнын. Кæрæдзийы варианттæн аргъ кæнын. Æмдзæвгæ аив кæсын. Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ агурын.
8-æм. **Хæрзæгъдау, хæлардзинад, æууæнк – адæймагæн кадгæнæн миниуджытæ.**	Дзырды хæйттæ. Кæрон (1 сах.)	Дзырдты арæзт.	Зонын кæроны æмбарынад. Арæхсын дзырдты кæрæттæ рахицæн кæнынмæ. Фæрстытæм гæсгæ дзырдтæм хъæугæ кæрæттæ æфтауын. Фыстыты рæдыдтытæ агурын æмæ сæ хибарæй раст кæнын. Текстæй æвзаргæ каст кæнын, хæслæвæрдмæ гæсгæ дзы хъæугæ дзырдтæ рафыссынмæ арæхсын. Тексты сæргонд йæ мидисимæ барын.

9-10-æм. **Хæрзæгъдау, хæлардзинад, æууæнк – адæймагæн кадгæнæн миниуджытæ.**	Уидаг. Æмуидагон дзырдтæ (2 сах.)	Ныхасы хæйттæ. Синонимтæ. Антонимтæ. Хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ. Монолог.	Бахъуыды кæнын уидаджы æмбарынад. Дзырдтæн сæ уидæгтæ бæрæг кæнын. Æмуидагон дзырдтæ агурын. Лæмбынæг кæсын æмæ агурын хъæугæ орфограммæтæ. *Къордтьы куыст* – нывмæ гæсгæ радзырд аразын. Хъуыдыйæдты кæрон æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын.
11-æм. **Хæрзæгъдау, хæлардзинад, æууæнк – адæй-магæн кадгæнæн миниуджытæ.**	Фæсæфтуан (1 сах.)	Уидаг. Номдар. Миногон. Синонимтæ. Антонимтæ.	Дзырдтæн сæ фæсæфтуантæ хицæн кæнын зонын. Лæвæрд фæсæфтуанты руаджы ног дзырдтæ хъуыды кæнын. Хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын. Ныв æмæ радзырды мидис барын. Дзырдтæн агурын сæ хъуыдымæ гæсгæ ныхмæвæрд дзырдтæ.
12-æм. **Хæрзæгъдау, хæлардзинад, æууæнк – адæй-магæн кадгæнæн миниуджытæ**	Уидаг æмæ фæсæфтуан (1 сах.)	Монолог. Текстæй æвзаргæ фыст кæнын.	Дзырдты уидаг æмæ фæсæфтуан бæрæг кæнын. Схемæтæм гæсгæ дзырдтæ аразын. Дзырдтæн синонимтæ æмæ антонимтæ агурын. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Монологон ныхас æмбарын. Æвзаргæ каст кæнын.
13-æм. **Адæмæн зæхх у сæ дарæг**	Дзырды хæйттæ. Уидаг. Фæсæфтуан. Кæрон (1 сах.)	Монолог. Тексты хуызтæ. Ныхасы хæйттæ. Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад.	Дзырды хæйттæ зонын, кæрæдзийæ сæ иртасын. Дзырдты хæйттæ бæрæг кæнын. Дæргъвæтинæй цы æмхъæлæсонтæ хъуысы, уыдон раст фыссын. Нывы мидис æвзарын. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Æмбарын кæнын, тексты сæргонд афтæ цæмæн хуыйны, уый. *Къордты куыст* – текстæн æрхъуыды кæнын æндæр сæргонд. Байхъусын кæрæдзийы хъуыдытæм, аргъ сын скæнын. *Къæйттæй куыст* – уыци-уыцийы дзуапп базонын.

14-æм. **Адæмæн зæхх у сæ дарæг.**	Разæфтуан (1 сах.)	Дзырды уидаг, фæсæфтуан. Антонимтæ.	Зонын разæфтуаны æмбарынад, йæ растфыссынад. Дзырдты хæйттæ бæрæг кæнын. Архайды арæзтмæ гæсгæ дзырдтæн хъæугæ разæфтуантæ фыссын. Тексты хуыз бæрæг кæнын, йæ мидис ын æмбарын. Текстæй æвзаргæ фыст кæнын, антонимтæ дзы агурын.
15-æм. **Мадæлон æвзаг мады ад кæны.**	Дзырды уидаг, разæфтуан, бындур (1 сах.)	Разæфтуан. Уидаг. Кæрон. Антонимтæ. Кæрон. Уидаг. Разæфтуан. Фæсæфтуан.	Разæфтуантæ раст фыссын. Дзырдтæ разæфтуантимæ æмæ æнæ уыдонæй, сæ хицæндзинæдтæ. Разæфтуанты руаджы архайд иу дзырдæй æвдисын (дзырд фæцис – радзырдта). Схемæтæм гæсгæ дзырдтæ аразын. Бамбарын, фыстæг ныффыссынæн хуыздæр ахъаз цаварæ æвзаг у. Зонын бындуры æмбарынад. Фæлтæрæнтæ æххæст кæнын дзырды бындуры арæзтыл. Схемæтæм гæсгæ дзырдтæ аразын. Дзырдтæн сæ хъуыдымæ гæсгæ ныхмæвæрд дзырдтæ хъуыды кæнын. Тексты бæрæг кæнын аргъауы миниуджытæ, бамбарын, цæуыл нæ ахуыр кæны, уый. Сбæрæг кæнын архайджыты. Раргом кæнын æмбисæндты мидис. *Къордты куыст* – байхъусын æмбæлтты раныхæстæм, аргъ сын скæнын, зæгъын хи хъуыдытæ.
16-æм.	Контролон куыст (1 сах.)		
17-æм. **Бинонтæ.**	Дзырды лексикон нысаниуæг. Бирæнысаниуæгджын дзырдтæ. Синонимтæ (1 сах.)	Ныхасы хæйттæ. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Дзырды хæйттæ.	Иртасын бирæнысаниуæгджын дзырдтæ; зонын синонимты æмбарынад. Хъуыдыйæдтæ æвзарын хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ. Баххæст кæнын дзырдбыды чырæгтæ. Тексты агурын бирæнысаниуæгджын дзырдтæ. Хъуыдыйæдты цухгонд бынæттæ æххæст кæнын сæ хъуыдымæ гæсгæ хъæугæ дзырдтæй. Æмбарын басняйы мидис.

18-æм. **Бинонтæ.**	Антонимтæ (1 сах.)	Тексты хуызтæ. Синонимтæ. Цавд.	Зонын антонимты æмбарынад. Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын, антонимтæй пайдагæнгæйæ. Тексты агурын сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Йæ мидис ын хи ныхæстæй дзурын зонын.
19-æм. **Зымæджы нывтæ.**	Ныхасы хæйттæ (1 сах.)	Хъуыдыйады уæнгтæ. Номдар. Миногон. Мивдисæг. Текстæн сæргонд дæттын.	Иртасын ныхасы хæйттæ æмæ сæ фæрстытæ. Хъуыдыйæдты арæзтыл кусын. Дзырдтæй хъуыдыйæдтæ аразын. Бæрæг кæнын тексты сæйраг хъуыды. Баххæст кæнын дзырдбыд. *Къордты куыст* – цæттæ кæронмæ гæсгæ текстæн райдайæн хъуыды кæнын.
20-æм. **Зымæджы нывтæ.**	Номдары иумæйаг нысаниуæг (1 сах.)	Номдар. Цавд æвæрыны æгъдæуттæ. Синонимтæ.	Бамбарын номдары раиртæст; йæ фæрстытæ чи? цы? Дзырдтæ сæ фæрстытæм гæсгæ къордтæ кæнын. Иртасын, фæрстытæ чи? æмæ цы? цавæр номдартæм дæттæм, уый. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Тексты сæйраг хъуыды барын йæ райдайæнимæ æмæ йын афтæмæй сæргонд хъуыды кæнын. Текст хæйттыл дих кæнын.
21-аг. **Хъахъхъæн дæ æнæниздзинад.**	Номдарты ивынад нымæцтæм гæсгæ (1 сах.)	Номдар. Сæрмагонд нæмттæ. Синонимтæ.	Иртасын иууон æмæ бирæон нымæцы номдартæ. Фæрстытæ дæтгæйæ, кæрæдзийы фæлварын, куыд бамбæрстой номдары нымæцтæ, уый. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Текстæй æвзаргæ фыст кæнын – иууон æмæ бирæон нымæцы номдартæ. Текст хæйттыл дих кæнын.
22-аг. **Уæларвон тыгъдад.**	Сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартæ (1 сах.)	Номдар. Тексты хуызтæ. Монолог.	Зонгæ кæнын сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартимæ. Кæрæдзийы куыстытæ бæрæг кæнын, хатдзæгтæ скæнын. Сæрмагонд нæмтты растфыссынады раиртæстæй раст пайда кæнын. Сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартæ кæрæдзиуыл барын.

			Тексты сæрмагонд нæмттæ агурын, раст сæ фыссын. Дзырдбыд баххæст кæнын. Бæрæг кæнын дзырдты тематикон къордтæ.
23-аг. **Уæларвон тыгъдад.**	Стыр дамгъæ сæрмагонд номдарты (1 сах.)	Номдар. Монолог.	Хъус дарын, сæрмагонд номдартæ куыд фыст сты, уымæ. Кусын дывæргонд æмхъæлæсонты растфыссынадыл. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Бæрæг кæнын, тексты дзырд кæй номæй цæуы, уый; зонын, куыд хуыйны ахæм ныхас.
24-æм. **Æрдзы фæзындтæ, æрдзы ивæнтæ.**	Номдарты кæрæтты ивынад æндæр дзырдтимæ бастæй (1 сах.)	Номдар. Номдарты нымæц. Дзырды хæйттæ.	Цæст дарын, номдарты кæрæттæ куыд ивынц, уымæ. Læвæрд дзырдтæн тексты хъуыдымæ гæсгæ фыссын кæрæттæ. Базонын уыци-уыциты дзуæппытæ. Баххæст кæнын дзырдбыд.
25-26-æм. **Мæргъты цардæй.**	Миногон. Йæ иумæйаг нысаниуæг (2 сах.)	Номдар. Синонимтæ. Антонимтæ. Мырон-дамгъон æвзæрст.	Бамбарын миногоны раиртæст. Схемæтæ æвзарын æмæ сæ æххæст кæнын. Æмхæццæйæ læвæрд хъуыдыйæдтæй аразын баст текст. Текст æмæ ныв кæрæдзиуыл барын. Текст хæйттыл дих кæнын. Тексты мидис хи ныхæстæй дзурын.
27-28-æм. **Цæрæгойты цардæй.**	Миногонтæ сæ æууæлтæм гæсгæ къордтæ кæнын» (2 сах.)	Синонимтæ. Антонимтæ. Тексты хуызтæ.	Базонгæ уæвын миногонты къордтимæ, сæ æууæлтæм гæсгæ сæ дихгæнгæйæ. Хъус дарын дзырдты нысаниуджытæм. Æмбарын кæнын, афтæ дихгонд цæмæн æрцыдысты. Хъус дарын миногонæй куыд пайдагонд цæуы, уымæ. Тексты агурын миногонтæ фæрстытæм гæсгæ. Тексты хуыз бæрæг кæнын. Текстæй æвзаргæ фыст кæнын. Тексты мидис абарын нывимæ.

			Цæрæгойы базонын йæ æууæлтæм гæсгæ. Тексты агурын антонимтæ. *Къордты куыст* – байхъусын кæрæдзийы дзуæппытæм, скæнын хатдзæгтæ.
29-æм. **Сырдты цардæй.**	Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд миногонтæ (1 сах.)	Номдар. Синонимтæ. Антонимтæ.	Хъуыды зæгъынæн агурын хъæугæ дзырдтæ. Хæццæйæ лæвæрд дзырдтæй аразын хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады уæнгтæ бæрæг кæнын. Дзырдтæн хъуыды кæнын синонимтæ æмæ антонимтæ. Текстæн хъуыды кæнын сæргонд. Диалогон ныхасыл куыст. Дзырдбыд баххæст кæнын.
30-31-æм. **Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг.**	Мивдисæг, йæ иумæйаг нысаниуæг (2 сах.)	Номдар. Сæйрат. Зæгъинаг. Архайдæвдисæг дзырдтæ, сæ ахадындзинад. Тексты сæргонд.	Фæрстытæм гæсгæ хъуыдыйæдты мивдисджытæ агурын. Бæрæг кæнын мивдисæджы бастдзинæдтæ хъуыдыйады мидæг. Предметты нæмттæ бæттын, цы архайдæвдисæг дзырдтимæ баст сты, уыдонимæ. Хи дзуæппытæ бæрæг кæнын зонын, раст дзуæппытимæ сæ барын. Хъуыдымæ гæсгæ хъæугæ мивдисджытæ æвзарын. Лæвæрд дзырдтæй хъуыдыйæдтæ аразын. Дзырдбыдимæ куыст. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын. Текст хæйттыл дих кæнын.
32-33-аг. **Æрцыд ныллæууыд уалдзæг.**	Мивдисæджы ивынад нымæцтæм гæсгæ (2 сах.)	Номдар. Номдары нымæцтæ. Хъуыдыйады уæнгтæ. Диалог. Монолог.	Мивдисджытæ къордтæ кæнын сæ нымæцтæм гæсгæ. Мивдисæджы нымæц бæрæг кæнын номдары нымæцмæ гæсгæ. Фæрстытæм гæсгæ иртасын мивдисджыты нымæцтæ. Текстæй æвзаргæ фыст кæнын. Хæццæйæ лæвæрд хъуыдыйæдтæй баст текст аразын.
34-35-æм. **Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг.**	Мивдисджыты ивынад афонтæм гæсгæ (2 сах.)	Мивдисæджы цæсгæмттæ. Номдар. Миногон. Тексты хæйттæ. Цавд.	Бамбарын мивдисæджы афонты хицæндзинæдтæ, сæ фæрстытæм гæсгæ сæ иртасын. Фыстæг фыссын ахуыр кæнын лæвæрд пъланмæ гæсгæ.

			Текст хæйттыл дих кæнын. *Къордты куыст* – ræзын кæнын пъланмæ гæсгæ радзырд фыссыны арæхстдзинæдтæ, кæрæдзимæ хъусын æмæ хъæугæ хатдзæгтæ кæнын.
36-æм. **Кæмæй у сæрыстыр Ирыстон?**	Мивдисæджы æбæлвырд формæ фæсæфтуан *ын*-имæ (1 сах.)	Мивдисæг. Мивдисæджы афонтæ. Номдар.	Бамбарын, мивдисæджы æбæлвырд формæ архайдæн æрмæстдæр йæ ном кæй февдисы,уый. Иртасын мивдисджытæ æбæлвырд формæйы. Хъус дарын, нырыккон афоны мивдисджытæ цæмæй хицæн кæнынц æбæлвырд формæйы мивдисджытæй. Хибарæй хъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ мивдисæджы æбæлвырд формæимæ.
37-æм. **Адæмон сфæлдыстад.**	Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд мивдисджытæ (1 сах.)	Синонимтæ. Антонимтæ.	Мивдисджытæй аразын синонимон рæнхъытæ æмæ антонимон къæйттæ. Пъланмæ гæсгæ радзырд фыссын, хæстæг æмæ ныхмæвæрд мивдисджытæй пайдагæнгæйæ. Уыци-уыциты агурын хæстæг æмæ ныхмæвæрд мивдисджытæ. Бæрæг кæнын мивдисджыты афоны формæтæ. Хæслæвæрдмæ гæсгæ текстæй хъæугæ дзырдтæ фыссын. Тексты мидис æмбарын æмæ дзы хъæугæ хатдзæгтæ кæнын.
38-39-æм. **Нæ уарзон Райгуырæн бæстæ.**	Хъуыдыйад. Хъуыдыйады хуызтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ» (2 сах.)	Хъуыдыйад. Мырон-дамгъон анализ. Уæнг. Сæрмагонд нæмтты растфыссынад.	Хъæлæсы уагмæ гæсгæ иртасын таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ, æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын. *Схемæтимæ куыст* – æвæрд æрхæцæн нысæнттæм гæсгæ хъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ, сæ загъды нысанмæ гæсгæ сæ иртасгæйæ. Баст текст хицæн хъуыдыйæдтæй иртасын. Текст хицæн хъуыдыйæдтыл дих кæнын.

40-41 аг. **Мæ райгуырæн бæстæ – Алани.**	Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ (2 сах.)	Сæрмагонд нæмттæ. Хъуыдыйад. Сæйрат. Зæгъинаг. Ныхасы хæйттæ.	Сæрмагонд нæмттæ иртасын иумæйаг нæмттæй. Зонын сæйраг уæнгты æмбарынад, сæ хицæндзинад иннæ хъуыдыйады уæнгтæй. Сæйраг уæнгтæ агурын фæрстытæм гæсгæ. Хъуыдыйады цухгонд бынæттæ æххæст кæнын хъæугæ сæйраг уæнгтæй. Хъус дарын мырты хицæндзинæдтæм ирон æмæ дыгурон диалектты. Дзырдбыд æххæст кæнын. Тексты сæргонд барын йæ мидисимæ. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.
42-аг. **Дзæуджыхъæу – нæ сæйраг сахар.**	Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ фæрстытæм гæсгæ иртасын (1 сах.)	Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Синонимтæ. Антонимтæ.	Бамбарын, сæйрат æмæ зæгъинаг хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ кæй сты, уый. Хъус æрдарын, уыдонæй уæлдай ма хъуыдыйады цы уæнгтæ вæййы, уыдонмæ, цы функцитæ æххæст кæнынц, уымæ. Хъуыдыйæдтæй æвзаргæ фыст кæнын. Хъуыдыйæдты сæйраг уæнгтæ агурын æмæ уыдонæй иннæ дзырдтæм фæрстытæ дæттын. Текстæн райдайæн хъуыды кæнын – фыстæг фыссын.
43-æм.	Контролон куыст (1 сах.)		
44-46-æм. **Хъæууон царды нывтæй.**	Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ (3 сах.)	Хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ. Монолог. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. Синонимтæ æмæ антонимтæ.	Æрмæст сæйраг уæнгтæй арæзт хъуыдыйæдтæ. Хъус æрдарын, хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ куыд дих кæнынц, уымæ. Иртасын хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. Тексты хуыз бæрæг кæнын, иртасын, дзырд дзы кæй номæй цæуы, уый. Ныхасы хъæд рæзын кæнын – læвæрд фæрстытæн æххæст дзуæппытæ дæттын. Текст хæйттыл дих кæнын, йæ сæйраг хъуыды йын рахицæн кæнын зонын.

47-æм. **Уæлахизы бон.**	Хъуыдыйады мидæг дзырдты кæрæдзиуыл бастдзинад (1 сах.)	Ныхасы хæйттæ. Сæйраг уæнгтæ. Фæрссаг уæнгтæ. Синонимтæ. Антонимтæ.	Дзырдты æхсæн бастдзинæдтæ фæрстытæм гæсгæ бæрæг кæнын. Бамбарын, фарст кæцы дзырдтæй лæвæрд цæуы, уый. Дзырдтæн антонимтæ агурын. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын. *Къордты куыст* – фæрстытæ дæтгæйæ, кæрæдзийы дзуæппытæн аргъ кæнын, иумæйаг хатдзæгтæм æрцæуын.
48-æм. **Ахъуыды кæн, базон, бахъæлдзæг у, бахуд.**	Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ. Дзырды хæйттæ (1 сах.)	Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ æмæ дамгъæтæ, сæ хицæндзинæдтæ. Дзырды хæйттæ. Уæнг. Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссын. Диалог. Монолог.	Иу дзырды мырон скондæй пайдагæнгæйæ аразын æндæр дзырдтæ. Хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ бæрæг кæнын. Схемæтимæ куыст. Дзырды хæйттæ иртасын æмæ сæ бæрæг кæнын зонын. Кæрæдзийы куыстытæм æркæсын – фенын, чи куыд баххæст кодта чырæгтæ, зæгъын хи хъуыдытæ. Тексты хуыз бæрæг кæнын. *Къæйттæй куыст* – диалогон ныхасы архайын.
49-æм. **Ахъуыды кæн, базон, бахъæлдзæг у, бахуд.**	Дзырдты лексикон нысаниуджытæ (1 сах.)	Бирæнысаниуæгджын дзырдтæ. Синонимтæ. Антонимтæ. Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ. Ныхасы хæйттæ.	Дзырдтæн агурын сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ. Ныхасы хæйттæм гæсгæ сæ къордтæ кæнын.Тексты-хынцинаджы мидис æмбарын, дзуапп дæттын авторы фарстæн, агурын сæ хъуыдымæ гæсгæ ныхмæвæрд дзырдтæ. *Къæйттæй куыст* – диалогон ныхасы архайын.
50-æм. **Ахъуыды кæн, базон, бахъæлдзæг у, бахуд.**	Ныхасы хæйттæ. Хъуыдыйад (1 сах.)	Ныхасы хæйттæ – номдар, миногон, мивдисæг. Хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.	Предметтæн агурын æууæлæвдисæг дзырдтæ. Æмбарын кæнын сæрмагонд нæмтты растфыссынад. Агурын номдартæ, цы мивдисджытимæ баст сты, уыдонимæ. Мивдисæджы афоны формæтæ бæрæг кæнын. Хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ хицæн

		Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. Синонимтæ. Антонимтæ.	кæнын. Хъуыдыйæдты сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ агурын. Текст – хынцинагæн раст дзуапп раттын. Нывтæм гæсгæ хъуыды кæнын радзырд. Тексты хуыз бæрæг кæнын. *Къордты куыст* – радзырд кæсын цæсгæмттæм гæсгæ.
51-аг.	Контролон куыст (1 сах.)		

4-æм кълас (51 сах.)

Урочы темæ Ныхасы темæ	Урочы мидис	Фæлхатгæнинаг æрмæг	Скъоладзауты архайды хуызтæ
1-аг. **Ралæууыд ног ахуыры аз.**	Мыртæ æмæ дамгъæтæ (1 сах.)	Хъæлæсон мыртæ, дамгъæтæ. Æмхъæлæсон мыртæ, дамгъæтæ. Синонимтæ, антонимтæ. Дзырд, хъуыдыйад. Дыууæ нысанæй конд дамгъæтæ. Дзырдты нысаниуæг.	Мыртæ раст дзурын, сæ дамгъæтæ сын раст бæрæг кæнын. Læвæрд дзырдтæй хъуыдыйæдтæ, уыдонæй текст аразын. Цыбыр текст аразын. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын. Текстæн йæ хъуыды рахицæн кæнын.
2-аг. **Сæрды улæфæн бонтæ.**	Алфавит (1 сах.)	Дзырды мырон-дамгъон æвзæрст. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. Дамгъæты растфыссынад.	Графикон æгъдауæй орфограммæтæ нысан кæнын. Дамгъуат зæрдыл æрлæууын кæнын. Дамгъæты рæнхъæвæрд бæрæг фæткыл дзурын. Фæрстытæм гæсгæ ныхасы хæйттæ бæрæг кæнын. Къæйттæй кусгæйæ кæрæдзимæ хъусын.
3-аг. **Æрдз хъахъхъæнын – алкæй хæс дæр!**	Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ (1 сах.)	Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ, сæ растфыссынад.	Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ раст дзурын æмæ фыс-сын. Дзырдты уæгъд бынæттæ хъæугæ дывæргонд æмхъæлæсонтæй æххæст кæнын (къæйттæй кусгæйæ).